

Sant kontwòl pwazon yo bay konsèy espè rapid, nan telefòn. Nou kapab ede ou ak fanmi ou avèk ijans pwazon epi avèk kesyon konsènan anpwazònman.

Ou kapab rele lajounen oswa lannwit, 7 jou pa semenn, nenpòt jou nan ane a. Enfimyè, famasyen, doktè, ak lòt espè pwazon ap reponn apèl ou.

Nou kapab ede ou nan plis pase 150 lang oswa si ou gen pwoblèm pou tandè.

Genyen anpil sant kontwòl pwazon toupatou nan peyi nou. Ou kapab kontakte yon sant kontwòl pwazon depi w rele **1-800-222-1222** nenpòt kote Ozetazini.

Premye Sekou pou Anpwazònman

Si yon moun

- ✓ sispann respire
- ✓ tonbe, oswa
- ✓ gen yon malkadi

Rele 911 touswit.

Pwazon nan zye?

Rense zye a avèk dlo tiyo.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222

Pwazon sou po?

Retire rad pwazon an touche a. Rense po ou avèk dlo tiyo.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

Inale pwazon?

Respire lè fre touswit.

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

Vale pwazon?

Rele sant kontwòl pwazon ou nan 1-800-222-1222.

Pa eseye remèd oswa pa eseye fè moun nan vomi.

Rele sant kontwòl pwazon ou anvan.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sit wèb www.aapcc.org oswa rele sant kontwòl pwazon lokal ou.



© 2010 Asosyasyon Ameriken Sant Kontwòl Pwazon

SANT KONTWÒL PWAZON OU



Chak 8 segonn yon moun bezwen yon sant kontwòl pwazon...

Èske ou ta ka pwochen moun nan?

**POISON
Help**
1-800-222-1222

Èd Gratis,
Rapid, Espè.
24 èdtan pa jou,
7 jou pa semenn



**Kijan Sant
Kontwòl
Pwazon Ou
Ede Ou?**

Èske Ou Konnen?

Nou souvan panse timoun yo anpwazonnen. Men pifò moun ki mouri nan pwazon se adilt! Anpwazonman se yon danje pou nou tout.



Prèske tout bagay kapab gen pwazon si ou itilize li nan move fason, nan kantite ki pa kòrèk, oswa si yon moun itilize li san li pa t dwe fè sa.

Men kèk pwazon:

- medikaman (sou preskripsyon, san preskripsyon, remèd fèy) ak dwòg lari
- pwodui nan kay tankou chanpou, klowòks, enspektisid ak pestisid, antijèl, ak lwil lanp
- sibstans chimik nan travay ou
- bèt mòde ou oswa ensèk pike ou
- chanpiyon ak plant
- vapè ak gaz

Lè ou pran kantite medikaman ki pa kòrèk oswa lè ou pran medikaman yon lòt moun, lè ou konsome savon vesèl pa aksidan, melanj ajan netwayaj, oswa lè ou bwè twòp alkòl sa lakòz anpwazonman.

Pou Kisa Ou Ta Dwe Rele?

Anpwazonman kapab rive nenpòt moun epi sant kontwòl pwazon yo la pou tou tout moun. Apèl la gratis ak konfidansyèl.

Nou Ede Ou Sove Lajan ak Tan:

Sèt (7) moun sou dis (10) ki rele sant kontwòl pwazon jwenn èd nan telefòn nan. Yo pa oblije ale nan yon klinik doktè oswa nan lopital.

Doktè Ou Rele Sant Kontwòl Pwazon an Tou:

Lè doktè ak enfimye yo bezwen èd pou trete anpwazonman, yo rele sant kontwòl pwazon lokal yo. *Nou se espè.*



Konsèy pou Prevansyon Pwazon

Si w panse yon moun anpwazonnen, rele 1-800-222-1222 touswit. Anpwazonman grav pa toujou montre siy yo bonè.

- Mete 1-800-222-1222 nan telefòn selilè ou ak nan telefòn ki toupre lakay ou.
- Kite medikaman yo ak pwodui kay la nan resipyan orijinal yo ak kote ki diferan ak kote ou mete manje.
- Toujou li etikèt la epi swiv tout enstriksyon yo.
- Kite pwodui kay ak medikaman yo yon kote ki fèmen ak kle. Mete yo kote timoun pa kapab wè yo oswa jwenn yo.
- Achte pwodui ki genyen anbalaj timoun pa ka louvri fasil. Men sonje, pa gen anyen timoun pa ka louvri!
- Pa janm rele medikaman “bonbon.” Pwazon kapab sanble avèk manje oswa bwason. Montre timoun yo pou yo mande yon adilt anvan yo goute nenpòt bagay.
- Chèche konnen pwodui ak medikaman jenn moun itilize pou yo “entoksike.” Pale avèk adolesan ou oswa pre-adolesan ou osijè danje sa yo.
- Ou dwe genyen yon detektè monoksid kabòn lakay ou ki bon.



Èd Gratis, Rapid, Espè.
24 èdtan pa jou, 7 jou pa semenn

1-800-222-1222